


# *NHASI UNO RUGWARO*

## *URWU RWAZADZIKISWA*

 Mazviita, Hama Demos, Hama Shakarian, kana kuti, Demos Shakarian neHama Carl Williams, navamiriri, vose. Ndinofunga kuti hama, vanobata pano, vataura zvandanga ndichida kutaura, usiku huno, zvokuti vanditorera zvandanga ndichida kutaura. Nokuti, ndafadzwa nouyu, ndinotenda, musungano uno (convention), kupfuura yose yandakambova mairi. Handina kumboona mukuungana kupi zvako, kuyanana kwadai, uye kuwadzana kwechokwadi uye norudo rwehama. Chimwe chinhuzve chandaite, ndechokuti ndasangana navamiriri vakawanda vatsva vokudenga, hama itsva dzandawana mukana wokukwazisa nokutaura nadzo.

<sup>2</sup> Husiku hushoma hwapfuura, ndakanga ndakateerera kuhama yechiBhaptist yakagara apo. Handicharangarira zita ravo. [Hama Shakarian vanoti, “Irvin.”—Ed.] Irvin. Zvino akauya nekadhi kwandiri rakabva . . . Ndinotenda kuti ndivatete vake, vari pano usiku huno. Vakachengeta kadhi iri kwamakore angasvika makumi maviri.

<sup>3</sup> Vakaunzwa mumusungano, mataive, vava kufa nedenda, rokuti pamwe chiremba angakwanisa kutsanangura kuti idendai. Denda iri rinenge maperembudzi, asi asiri maperembudzi. Unga . . . Pane oparesheni ingaitwa, yavanodimura chimwe chinenge rutsinga nechokumusoro uku, kana zvakada kudaro, asi vanozongofanana nomuti, havazombofambi. Zvino, vakagara ipapo, dzimwe nguva kadhi ravo risina kudaidzwa kana kunzii zvako, vasiri mumutsara (raini) wokunamatirwa, Mweya Mutsvene wakanditungamirira kwavari. Zvino vari shure uko usiku huno, vapura, uye tinotenda chaizvo pamusoro pazvo. Zve . . .

<sup>4</sup> [Hama Shakarian vanoti, “Hama ndinofunga—ndinofunga Howard Irvin ange anemi achitaura nemi, asi ndinotenda tete vacho vari pano. Zvichida tingangovati vasimuke.”—Ed.] Mungasimuka here, va—vatete vacho . . . [“Avo variapo. Simudzai ruoko rwenyu. Simudzai ruoko rwenyu.” Ungano inorumbidza.]

<sup>5</sup> Mwari akuropafadzei, hanzvadzi yangu, nokuda kwokutenda kwenyu muMwanakomana waMwari. Dai Akuchengetai muri mutano kusvikira nguva yaAchakudanai kuMusha, apo mutumbi uno unoora uchapfeka kusaora. Ndinotenda zvikuru pamusoro paizvozvo, kufunga kuti vakachengeta kadhi iroro kwamakore ose aya, rikaunzwa

kwandiri usiku huno ndikariratidzwa. Munozivei, ndanga ndichiti, zvakafanana nechingwa pamusoro pemvura, chinodzoka zvakare kwauri, kana uchiedza kubatsira vamwe.

<sup>6</sup> Zvino, ndawanawo nguva yokusangana navaparidzi vazhinji ava, uye ndinoyemura chose kuyanana kwavo kwakanaka, nokubatana uku. Hama Carl vapa chiziviso chokuti ndichadzoka gore rinouya, kana Ishe atendera, uye kana tichiri pano panyika. Uye ndine tariro yokusangana nomumwe nomumwe wenyu zvakare pano gore rinouya, uye mumwe nomumwe murume kana mukadzi auye nomumwe mumiriri.

<sup>7</sup> Zvino pane chinhu chimwe chete chandinoda kutaura, chidikidiki, zvichida kwekanguva kadiki.

<sup>8</sup> Nokuti, Dokotera Reed, ndivo vartatevera kutaura, uye ndauya nzira yose iyi usiku huno, ndafamba mamaira mazana maviri ane makumi mashanu . . .kuuya kuno, kuzonza Dokotera Reed. Zvino pane zvaitika nguva shoma yapfuura zvandanga ku . . .Asi—asi, Dokotera Reed, ndingadhirai vha churu chamamaira kuzovanzwa. Asi chimwe chinhu cha . . . Kubvira zvandava pano, ndingadhirai vha churu chamamaira kuti ndizonzwa zvandanzwa nguva shoma yapfuura, chiri chinhu chinoshamisa kwazvo, chinhu chisingaziviswe nenyama neropa. Zvinototora Mweya Mutsvene kuzviita. Uye kuona munhu akakurudzira upenyu hwangu zvakadaro zvirokwazvo ndinozova nokutenda zvikuru mazuva ose ohupenyu hwangu.

<sup>9</sup> Zvandanga ndichida kutaura, ndezvo—ndezvo, kana zvichizofanira kuti ndiitwe oparesheni, ndichazoda idza chiremba, munogona kuzouya kwandiri pakarepo, Chiremba Reed. Ndi—Ndinovimba naye kuita oparesheni, kana ndichazenge ndichazoitwa oparesheni. Maoko anotenda muna Mwari, ndiwo—ndiwo andingada kuti ashande pandiri. Zvino ti . . .Ndinovimba kuti handizovi neoparesheni. Asi kana ndikava nayo, ndinoda ivo, kana mumwewo akaita saivo, kuti aite basa iroro, kana vasingakwanisi kuvapo.

<sup>10</sup> Zvino pane zvaka itika usiku hwapfuura, zvaka, kana kuti nezuro masikati, zvakan dishamisa kwazvo. Zvino ndichapfupisa, nokuti handidi kutora nguva yehama yangu, sezvo ari kuzotaura. Asi ndinofunga kuti zvinofambirana neshumiro yangu.

<sup>11</sup> Ndi—ndinotarisa zvinhu zvidiki. Chinhu chese chine zvachinoreva, kwandiri. Handitendi kuti pane chinongoitika namasanga kumuKristu. Ndinofunga kuti zvinotemerwa naMwari, nokuti Jesu akati zvinhu zvose Anoita kuti zvishande kunaka kuna avo vanoMuda. Nokudaro naizvozvo ndinotenda kuti zvinhu zvidiki zvose mu—mushumiro duku yaAkandipa, kuti ndibatsire imi, nokubatsira munhu wose, uye imiwo mose muchindibatsirawo ini, tichibatsirana kuti tisvike mukuBwinya. Muna izvozvo, chinhu chose zvacho chine zvachinoreva

kwandiri. Asi zvakandiremera kuti ndizvitende izvi, nezuro masikati, pandakashaya rugwaro rwangu. Ndi—ndinokuudzai, handina kumbopinda pakadaro muupenyu hwangu. Uye, zvakare, mu—mudzimai wangu akanga andipa Bhaibheri idzva sechipo cheKisimisi.

<sup>12</sup> Rangu dzaru rakanga rabvaruka. Ndagara naro kwamakore angaita makumi maviri, ndakaripiwa navanhu veHouston Gospel Tabernacle, makore mazhinji akapfuura, pandakatanga kufamba ndichiparidza. Zvino ndinongo, ndinorida zvakanyanya, uye ndi...mapepa namapeji aro, nokufamba mhiri kwamakungwa, nenzvimbo dzakapoterredza, zvokuti ndi...ava kungodona oga. Ndikatora nyaya dzimwe nguva kubva munaGenesisi, ndotozotarisa munaDeuteronomio kuti ndiwane kwandinenge ndakapfekera peji yacho. Zvino, akanditengera rimwe reKisimisi. Asi, ndaisada kusiya rakudhara, nokuti ndairikoshesa chaizvo. Zvino ndakati, “Kana ndikaenda Jesu asati auya, ndivigei naro. Uye, regai riende neni mubwiro ndozomuka naro pakumuka.” Zvino, ndiwo mafungire angu, hawo.

<sup>13</sup> Sorungano rwandinowanazotaura. Ndinovimba kuti hazviiti sokuzvidza. Asi ndakaenda ku...Mumwe murume akandiudza imwe nguva, ndinotenda iHama Earl Prickett, pamusangano wokuNew York, zvino ndakasangana nomurume uyu akati, “Ee, urikuitei navamabhizinesi uri muparidzi?”

Ndikati, “Ndinebhizinesi.”

Ndokubva ati, “Uri mubhizinesi ripi?”

<sup>14</sup> Ndikati, “Ashuwarenzei.” Zvino akafunga kuti ndati “Inishuwarenzei,” murikuona. Zvino ndakati, “Ashuwarenzei.”

Ndokubva ati, “Ohoo unotengesa inishuwarenzei yorudzii?”

<sup>15</sup> Ndikati, “Hupenyu Husingaperi.” Husingaperi! Ndikati, “Handitengesi. Ndinongovawo nhengo, partangu uye ndinoyedzawo kuishambadzira kuna vamwe.”

<sup>16</sup> Ndinorangarira mukomana wandakapinda naye chikoro, pane imwe nguva, zvino aitengesa inishuwarenzei. Zvino, inishuwarenzei haina kuipa asi ini handina. Iye, akauya kumba kwangu, akasvikoti, “Billy, ndinoda kukutengesera inishuwarenzei.” Akati, “Ndinoziva munin’ina wako.” Munin’ina wangu anotengesera veMetropolitan. Akati, “Zvino,” akati, “Ndinoda kukutengesera inishuwarenzei.”

Ndikati, “Hoo, Wilmer, waita hako.”

<sup>17</sup> Uye ucha...angangodai ari pano manheru ano, mukoma wake ndiye anonyora zvinoverengwa mupepa *re Upper Room*, book, *The Upper Room*. Zvino aka...

Ndikati, “Ndinayo ashuwarenzei.”

Akati, “Chii?”

18 Zvino mudzimai wangu akanditarira kunge ndaiva munyengeri. Iye...zvino ndikati ...Zvino mukadzi wangu akati, “Billy?”

Ndokubva ndati, “Hongu, uh-huh ndinayo ashuwarenzei.”

19 Ndokubva ati, “Hoo, ndi—ndinourombo,” akati, “Handi... Ndakanzwa kuti hauna kana inishuwarenzei.”

Ndokubva ndati, “Kwete, ndine ashuwarenzei.”

20 Zvino—zvino ndokubva anzwisisa zvandaireva. Akati, “Wati kudii?”

“Ndati, ‘Ashuwarenzei.’”

Akati, “Zvino unorevei?”

21 Ndikati, “Kuropafadzwa kwakadini, Jesu ndowangu; Oh kufanoraira kwakadii kubwinya kutsvene! Ndiri mudyi wenhaka yoruponeso, ndakatengwa naMwari; Ndakaberekwa noMweya Wake, ndikasukwa muRopa Rake.”

22 Akati, “Billy unoziva kuti ndinozviyemura izvozvo.” Akati, “Chinhu chakanaka chaizvo. Asi,” akadaro, “muchinda, hazvikubatsiri pakuvigwa.”

23 Ndikati, “Asi zvichandimutsa kubva murufu.” Handitye... [Hama Branham pamwechete neungano vanoseka—Ed.] Handinetseki nokuda kokuti ndinofa, asi kumuka, maona. Zvino ndinotenda ndiwo manzwiwo atinawo pazviri.

24 Manheru apfuura, pandakatora Bhaibheri, ndokutadza kuwana ndima yangu. Uye, ndaiva neBhaibheri idzva riya. Ndakanga ndaverenga kubva mudzaru, zvino ndakatora idzva ndokuisa muhapwa ndokumhanyira kuno. Zvino ndakavhura panzvimbo yandaida, uye ndakafunga kuti, “Zvino, apa, ndinotenda yaJohane 16:21, yandaida” asi handipo pandakavhura.

Ndikati kuHama Moore, “Gara zviya ndipo pazviri here?” “Hongu.”

25 Zvino ndakatarisazve, asi pakanga pasiripo. Zvino ndakafunga kuti, “Zvino, pane peji yakakanganiswa pasiripo—mupeji.”

26 Zvino hama yangu ari pano akauya, Hama Stanley akauya kwandiri; Bishop Stanley, tingadaro. Uye handina kuziva kuti murume wairevei, Nda...Zvisinei, zvakandinyaradza kwazvo. Vakauya parutivi pangu vakati “Dzikama, hama, zvimwe Mwari artaita chimwe chinhu.” Murikuona? Zvino izvozvo zvakandisimbisa kufunga kuti vangataura izvozvo.

27 Hameno kuti vanoziva here kuti vakaporofita? Asi ndichitaura navo nguva shoma yapfuura, ndisati ndauya pano, ndinotenda kuti vanoziva.

28 Zvino ndakazvitaura muMharidzo yangu yokuti *Marwadzo Okubereka*, nezvakadaro. Uye nenzira yangu isina

kunyatsodzikama, pamusoro peruva rebundo, kuti rinomera sei, rokura, richigamuchira kudziya kwezuya, nedova, nezvimwewo. Uye kuora kwarinobuda makuri, kana kuti kuberekwa kubva makuri, tingadaro, kuti rivepo. Zvino ndakanga ndichiedza kuratidza somufananidzo wekereke.

<sup>29</sup> Sachiremba ari pano, kana akandorapa murwere. Tinavo vanachiremba nhasi vanoti, “Unokwanisa kukwizira tsoka yako pachitsitsinho, zvopodza kenza (cancer) iri kumeso, murikuona.” Asi chiremba chaiye haateereri kuzvinhu zvakaita saizvozvo. Anorapa murwere zvichienderana nebhuku raanenge achiverenga rezvemishonga.

<sup>30</sup> Zvino ndiyo nzira yandinoina kurapa varwere. Ndikawona kereke ichirwara, handiedzi kuvaudza kuti vanoda mamwe makwazisirane matsva, kana zvimwe zvakadaro, sangano idzva. Ndinofanira kurapa maererano neBhuku randi—randinoziva, maona. Zvino apo pandinoona kereke yoratidzika seyarohwa nedenda regwirikwiti, ndinoda kuti vatore mushonga chaiwo wandinoziva kuti wakanaka, unorapa gwirikwiti, kuti ribve mukereke; uyewo pandinoona chivi chopararira mairi (kereke), tinoita zvimwe chete!

<sup>31</sup> Ndakayedza kuita muyenzaniso naEsau naJakobo, uye ndichizvifananidza namazuva ano. Zvino handisi kuzopinda munaizvozvo. Asi ndichizviunza kumazuva ano, chikamu chokupedzisira muGwaro randakashandisa, ndakanga ndichifananidza, kwete zviri kunze kwemagwaro, asi sezvakarehwa naJesu achiti zvichazoitika, zvakataurwa naChiremba mukuru zvichange zviri mamirire ekereke mumazuva ano okupedzisira. “Ichange iri Raodhekia; yakapfuma, iri bofu, isina kupfeka, kereke inonzwisa tsitsi,” uye inenge ichifananidzwa namazuva eSodoma. Zvino, tinoziva kuti iChokwadi. Mukazvitarisisa, munhoroondo, Akati mazuva alloah, kutanga kuchizouya mazuva eSodoma. Zvino ndiwo mafambiro azvakaita, saizvozvo.

<sup>32</sup> Zvino kazhinji nhoroondo yezvakamboitika inoitikazve, zvinodaravo pa—pavimbiso dzeBhaiberi. Sokuna Mateo 3, paya panoti, “Kubva muEgipita ndakadana Mwanakomana Wangu.” Zvino ukatevedza nyaya yacho panaizvozvi, zvaireva Jakobo mwanakomana Wake, Waakadana kubva Egipita; aiva mwanakomana Wake muduku. Asi Mwanakomana Wake mukuru, Jesu, akadanwawo kubva muEgipita, zvakare. Zvino zvaiva ne—nedudziro mbiri.

<sup>33</sup> Zvino, sezvavaienda vachitaura pamusoro paizvozvo, zvino ndakapa pfungwa dzangu panaizvozvo. Zvino ndakafamba ndichibva pa... kubva papuratifomu, ndokubuda panze. Vana vangu, tichienda kumba vaida kumbomira paneimwe nzvimbo, kuti vatenge masangweji. Zvino ndakapinda, mudzimai wangu

akati, “Billy, ndanga ndava kunetseka, zvokusaziva kuti ndoita sei.” Akati, “Ndini ndakakupa Bhaibheri iroro.”

<sup>34</sup> Ndikati, “Hausiwe wakarinyora, uye hauna kurigadzira pamwechete, mudiwa.”

<sup>35</sup> Ndokubva ati (mukadzi wavo), “Asi kungofungawo kuti nda—ndakakupa Bhaibheri rakakanganiswa mariri.”

Ndikati, “Pamwe harina kukanganiswa.”

<sup>36</sup> Zvino mumwe wavana akaritora, kuti titarise mapeji acho. Asi, rakanga rakakwana. Asi, nechokumucheto, mapeji maviri akanga akanamirana, murikuona, zvino chitsauko 16 chaiva divi Rino iri, asi chichiyambuka seri kune rimwe divi. Zvino chitsauko 17 chaitangira pa . . . maona, zvaiva chaizvo zvakafanana kwese. Zvino pepa rokuIndia dete-dete, rakanga ranamirana pamwechete, zvino ndaiverenga pachitsauko 17 nguva yose iyi, panzvimbo yechitsauko 16.

<sup>37</sup> Zvino ndakafunga, “Mwari, sei maita izvozvo? Sei paitika chinhu chakadaro zvino?” Ndini ndainzwa saizvozvo, munoziva, kuti ndione kuti zvairevei, nokuti handifungi kuti zvinhu zvinongoitika namasanga. Zvino ndanga ndichifunga nokunyaradza kwehama iyi pano, kuuya, achindiudza “‘Zvibate,’ iye, ari mupirisita, ‘zvibate zvimwe Mwari ane zvaartaita,’” kana zvimwe zvakada kudaro. Zvino ndakafunga, “Zvakamboitika sei?”

<sup>38</sup> Zvino, ndakagara ipapo, semheni ichibva kudenga zvakauya kwandiri. Zvino, izvi zvingangoshaya zvazvinoreva kwauri, asi kwandiri zvine zvazvinoreva, maona.

<sup>39</sup> Ndinorangarira, muna Ruka chitsauko 4 kuti Jesu wakapinda musinagoge paNazareta, kwaakanga akurira, setsika yake akaenda kucheche nomu . . . sinagoge, nomusi weSabata. PaAkaenda, tinoona kuti muprisita wakaMupa Bhaibheri rakapetwa; Jesu akati apetenura, akawana pakanyorwa, Isaya 61, ndokubva averenga Rugwaro rwacho. Akadzosera Bhuku kuMutariri. Zvino paAkatendeukira kuungano, meso avose vaiva musinagoge akamutarisisa. Zvino akatanga kuvaudza achiti:

. . . *Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadzikiswa . . .*

<sup>40</sup> Zvino tinoziva kuti kuverengwa kworugwaro urwu kwaikatyamadza sei, nokuti akangotora chikamu chendima yokutanga (1) neyepiri (2), kubva munaIsaya 61:1 ne 2. Asi wakangoverenga kusvika apa panoti “Mweya waShe uri pamusoro paNgu, kuti ndiredgedze vakatsikirirwa, uye ku—ku (kupa) kupodza vanorwara, nokusvinudza meso akapofomadzwa, nokuparidza gore raShe rakanaka,” ndokubva Aguma ipapo. Nokuti, zvaitevera zvaitaura nezvokutongwa; izvi zvaizoitika pakuuya kwaKe kweChipiri, kwete kwokutanga.

Ndokubva amira, ndokutendeuka, akati, “Nhasi uno Rugwaro urwu rwazadziswa.” Zvakanga zvakangananga zvakadii!

<sup>41</sup> Zvino ku—kutura kwakadii kuvadzidzisi nokuvanhu vaivapo, kuti aikwanisa kuti zvijekere vanhu, “Nhasi uno rugwaro urwu rwazadziswa.” Nokuti hoyu uyu ari pano, Mhesia, asi vakanga vasingazvitendi. Hoyu uyu ari pano muzodziwa wenguva iyoyo. Chikamu chose-chose cheshumiro yake, kubva pakuberekwa kwake, zvakanga zvapupura zvaava, asi kunyangwe zvakadaro havana kuzvitenda. Kutaura kwakadii! Asi nhasi angati. . .

<sup>42</sup> Zvino dai paiva navanhu vaikwanisa kuzarura meso avo, vangadai vakaziva, kuziva zuva ravairarama mariri, nokuti iyi ndiyo yaiva nguva Yake, nokuti wakanga Aripo Achiita izvo chaizvo zvakanga zvakavimbiswa naMagwaro, navaprofita vose, vakanga vataura zvaizoitika muzuva iroro. Houno Aivepo achiita izvo Mwari zvaAkanga aprofita zvaizoitika! Havana sei kuzviona? Vangadai vakaziva nokukurumidza, pavaiona zvakanga zviru shumiro Yake. Hoyu uyu Mhesia. Vangadai vakaziva, nokuti wakati, “Gwaro razadziswa.”

<sup>43</sup> Ndinofunga zuva ranhasi. Uye tarisai zvazvaiva apo muprisita akamupa Shoko. Shoko rakaverengwa, ndokudzoserwa kumuprisita. Zvino chikamu chokupedzisira kubva munyaya yandaiva nayo, magwaro andanga ndakanyora pasi ndiRuka 17:30, paya Jesu paanotaura nezvezuva ranhasi ratiri kurarama mariri, “chizvarwa cheRaodhekia, chakapfuma” asi chakaodzwa neporitikisi dzezvinamato, uye zvatongerwo amarudzi, kuora chaiko. Uye Akati, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichaaita munguva dzokupedzisira,” Onai zvaakataura ipapo, “muzuva iro Mwanakomana womunhu raartaratidzwa.”

<sup>44</sup> Onai, “Mumazuva ayo Mwanakomana womunhu aartaratidzwa!” Ndinoda kuti mutarisise apa.

<sup>45</sup> Munoono, Wakauya mumazita matatu. Wakauya soMwanakomana womunhu, aiva muprofita. Zvino ndizvo zvaakaita, wakasimbisa shumiro yake, nokuva muprofita. Tose tinoviziva. Mumwe nomumwe wedu anozviziva izvozvo. Haana kumboti aiva Mwanakomana waMwari; Akati aiva Mwanakomana womunhu. Zvino, nhasi, Mwanakomana waMwari, Iye akadzoka, zvino aripo soMweya Mutsvene, Munhu Asingaonekwi; asi zvakadaro Mwari, Mwanakomana waMwari. Muchuru chamakore okuzorora (maireniyamu), Anogara paChigaro Chababa vake choKutonga, paAnezenge ava Mwanakomana waDavidi. Wakazviratidza pakutanga soMwanakomana womunhu, muprofita; munguva ino, nguva yamakereke, Mwanakomana womunhu. . . kana kuti Mwanakomana waMwari; uye munguva inotevera, Mwanakomana waDavidi. Vanakomana vatatu.

<sup>46</sup> Asi tarisai pano, Akati, pakupera kwenguva yamakereke, zvichange zvaipa zvokuti Anotozozviratidza soMwanakomana womunhu, “apo Mwanakomana womunhu artange achiratidzwa.” Zvafanira zvakadii kuti zviitike nenzira yazvakaita nezuro! Uye ndinotenda kuti hamungatadzi kuzviona.

<sup>47</sup> Takava nokuratidzwa koMwanakomana waMwari, asi vimbiso yokupedzisira Abrahama yaakapiwa mwanakomana asati avapo... kana kuti aberekwa, uyo wakanga avimbiswa; mwanakomana wevimbiso asati aratidzwa, Mwari wakazviratidza kuSodoma somuprofita, ari munhu munyama, Mwari. Erohimu, sokunzwa kwandaita mumwe munhu achitaura nguva yapfuura, kuti kuzara kohuMwari munyama kwaiva maAri. Waiva kuzara kwaho. Erohimu ndiye kuzara koHumwari, munyama. Zvino tinoona apo Roti akawona... Abrahama paakamuona achiuya akati, “Ishe wangu.” Vakanga vari vatatu. Zvino muSodoma Roti akawona vaviri akati ati, “madzishe angu,” kushaiwa chizaruro. Zvino, onai zvakaitika pano, paakasvika, kuti akazviratidza sei.

<sup>48</sup> Hatigoni here, handigoni here kutaura kuti dai ndanga ndakatarisa, maona, kuti hama yakaprofita paakataura kwandiri zvaakataura! deno ndanga ndakatarisisa, murikuona, Nhasi uno! Tarisai zvaAkaita mushure mokuverenga rugwaro irorwu. “Mumazuva apo Mwanakomana womunhu,” kwete munhu, kwete munhuwo zvake, “Mwanakomana womunhu artazviratidza zvakare pakati pavanhu vake.” Nhasi uno, vimbiso iyi, yenguva yatiri kurarama mairi, yazadziswa pamberi pameso edu chaipo. Akatendeukira kuungano pakarepo, vanhu gumi kana gumi navaviri, hameno vaivapowo ipapo, havazivikanwi, akaita zvimwechetezvo zvaakaita paSodoma. Nhasi uno ndipo paratidzwa gwaro iri pameso enyu. Zvasimbiswa pamberi penyu.

<sup>49</sup> Zvino, hama yangu, hanzvadzi, vamiririri, vashumiri, hazvinei kuti tingava ani, vana vaMwari tava padyo zvakadii noKuuya Kwake zvino? Kana tichiona gwaro raakavimbisa, moto usati wapisa Sodoma, zuva rino richifananidzwa nairo, uye tichiona Gwaro iroro pamberi pameso edu richizadziswa, tava padyo zvakadii noKuuya koMwanakomana waMwari zvino? Pava padyo zvakadii kuti maMagwaro azadziswe, sezvaakaita kuna Abrahama, ari mufananidzo wekereke, Iye Ari vimbiso kukereke! Uye zvino tinoona kuti mbeu yaAbrahama yapanyama yakakundika sei. Asi mbeu inokosha yaAbrahama, iri yokutenda muShoko rakavimbiswa, yava kuratidzwa nhasi panyika. Tava munguva yokupedzisira hama yangu, nehanzvadzi. Tava kumagumo.

<sup>50</sup> Zvino hapachisina mumwezve muenzaniso. Ndinotora mienzaniso yaMagwaro nokuti handina kudzidza zvakakwana kuti ndinyatsoburitsa mazwi nezvimwe zvose. Ndinoita



mienzaniso (mifanaidzo). Asi kana ndikaona mumumvuri... Kana ndanga ndisati ndaona ruoko rwangu, ndoona mumvuri, ndinobva ndaziva kuti ndine zvigunwe zvishanu. Ndiyo nzira yaunofanira kutarisa nayo mienzaniso yaMagwaro yeTestamente yakare. Zvinoitei? Zvinofanopa mumvuri weizvi. Zvino Jesu akati Sodoma yaiva muenzaniso wenguva yokupedzisira ino. Zvino iwo Magwaro akavimbiswa kuSodoma, iwo Magwaro aitika kuSodoma ndiwo akanzi naJesu artaitikazve muzuva rino, zvaratidzwa pamberi pedu tose nhasi.

<sup>51</sup> Mwari akuropafadzei. Musatadza kuzviona. Zvino kana ndikasakuonai pano gore rinouya; pavachakwira danho reNdarama, ndinotarisisira kuzosangana nemi Kumusoro ikoko. Mwari akuropafadzei. [Hapana chinhu patepi—Ed.]

<sup>52</sup> Baba, ti... [Hapana chinhu patepi—Ed.] Maererano naMagwaro, tiri kuona kuratidzwa, pamberi pedu, chiratidzo nomufananidzo wokupedzisira. Mashoko aJesu Kristu akati ndizvo zvazvichava. Sezvazvakanga zviru muSodoma, tiri kuona nyika mumamirire ayo, tinoona kereke mumamirire ayo, tinoona va—vaSanangurwa vachidanwa kubva musangano rega-rega. Hupenyu huri munzvimbo idzodzo huchifamba huchibuda kuti hutore mufananidzo weMbeu. Tinonamata, Baba vokudenga, kuti tipepuke nokukurumidza.

<sup>53</sup> Sezvataurwa neimwe hama, aona pamberi pake, uye maziso ake paanga akavharwa, vanhu vazhinji pamberi pake. Aiwa Mwari tinonzwa kuti pana vanhu vasati vanzwa. Tibatsirei, Mwari Munokosha. Tinoshuva kubva paungano (convention) ino tiine kuyambirwa mumwoyo yedu, tichiziva kuti nhasi uno gwaro iri razadziswa. Muzita raJesu. Amen.

<sup>54</sup> [Hama Shakarian vanoti, “Hareruya. Munyori wedu, Jerry Jensen, auya kuno. A—a amai vomudzimai wavo vafenda izvozvi, uye ivo vartangozvanzwawo. Zvekare vaparidzi veEvhangeri, vashumiri veFoursquare Hatinga... Vari, ndinoziva kuti vakaremerwa mumwoyo. Zvino, zvino ingo...”—Ed.] Vartangozvanzwa izvozvi, vangozvanzwawo izvozvi? [“Hongu.] Vari pano here? [“Kwete, vari, vari kuLos Angeles. Vari muchinhanho chokusakwanisa kuziva.]

<sup>55</sup> Kuna Mwari hazvina mutsauko kure kana padyo. Ari pose-pose. Anofanira kudaro, kuti ave Mwari. Zvimwe zvezvinhu zvikuru zvakaitwa mushumiro yangu, zvakaitwa kubudikidza neterefoni, kana munhu kuuya amene, zvinhu zvikuru zvakaitika. Ngatibvumiranei pamwechete kuti Mwari agopodza vanhu ava vari kurwara.


<sup>56</sup> Baba vedu Varikudenga, tinouya navo muHupo Hwenyu, nomunamato. Tinoziva kuti humwe husiku paiva nomuapostori akanga apfigirwa kure nezviitiko zvose; aiva mune rimwe jeri, zvekare mangwana acho vaizomudimura musoro. Kumba kwaJohane Marko vaiva nomunamato, zvino mudzimba

dzomukati-kati metorongo makauya Shongwe yoMoto imwecheteyo yakatevera vana veIsraeri kana kuti yakateverwa navana vaIsraeri murenje; yakauya nokuda komunamato iwoyo, ndokuvhura suo rega-rega, ndokubudisa muapostora panze mumugwagwa zvakare, asununguka kuti ashumire.

<sup>57</sup> Tinonzwisisa kuti vaparidzi ava, mamishinari, vakasungwa izvozvi, vari—vari paɖyo norufu (coma). Tenzi, ndimi mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi. Inzwi munyengetero wedu manheru ano, Mwari. Imi makati, “Kana muchinamata, tendai kuti munogamuchira zvamunenge makumbira, muchazvipiwa.” Ishe, tinotenda uye tinonamata kuti muZita raJesu muvaporese, Tenzi kuti mupiwe mbiri. Zvataurwa, zvakumbirwa, zvino ngazviitwe. Ameni.

Mwari akuropafadzei, Ted. Tendai pamwechete naye.

<sup>58</sup> Hama Demos. [Hapana chinhu patepi, Hama Demos Shakarian vozoti, “Mamuziva here muchinda uyu?”—Ed.] Kwete changamire. Pakaitika zvakawanda kubva panguva iya, hama. [“Huya pano, Howard. Akanga akanaka chaizvo pamazuva iwayo. Achakanaka, Hama Branham. Ya-a, ipikicha yakanaka. Zvino tambomisawo tete vako nguva yapfuura zvakare. Zvichida ungadawo kutaura kana shoko rimwe Howard.” Hapana chinhu patepi.]

<sup>59</sup> Murume wavanga vasiya; tose tinofarira Hama Shakarian. Zvino kana vachizouya pano . . . [Ungano inoombera] 

*NHASI UNO RUGWARO URWU RWAZADZIKISWA* SHO65-0125  
(This Day This Scripture Is Fulfilled)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Muvhuro manheru, Ndira 25, 1965, paRamada Inn kuPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1992 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)